



Timoun ou an ka pab kalifye pou yon pwogram gratis ki delivre liv lakay ou

Elèv ki nan klas K-5 yo (kindégaden jiska senkyém klas) ki enskri nan New Worlds Reading Initiative pral resevwa:

- Yon nouvo liv gratis pa lapòs chak mwa (9 liv pandan chak ane lekòl!)
- Chans pou timoun nan óganize yon libreri pou tet pal baze sou sa timoun nan renmen
- Sipó pou li pou famni yo kapab itilize ansanm pou devlope konfyans timoun nan le lap li
- Liv yo disponib an Anglè, Panyòl oswa Kreyòl Ayisyen



Li fasil pou enskri!

Mete kamera telefón ou sou imaj sa oswa ale sou newworldsreading.com/enroll

New Worlds Reading Initiative se yon pwogram pou tout eta Florid la pou ede timoun pou avanse nan apran li jan yo ta doué li e pou gen lanmou pou li. Pou fe sa, pwogram nan ap poste liv an Anglé, Panyól, ak Kreyòl Ayisyen bay tout elev nan Florid ki nan klas K-5 (kindégaden jiska senkyém klas) ki poko li nan nivo klas yo. Si ou gen kesyon sou kalifikasyon, kontakte pwofesè timoun ou an.

Mèsi dèske ou pèmèt nou asosye nou avèk ou pou kontinye devlope lanmou timoun ou an pou li!

Pou enskri oswa pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.newworldsreading.com oswa kontakte nou nan support@newworldsreading.com